



RELATIVE CAREGIVER PROGRAM  
**DEMANN ADMISYON NAN PWOGRAM POU PRAN  
SWEN A YON MANM FANMIY-OU, KIDONK**

*Tanpri se pou li sa pwogram nan mande yo ak opsyon ki genyen nan li. Lè ou siyen anba-a, sa vle di ke ou mande pou yo admèt ou nan pwogram "Relative Caregiver"-an epi ou konprann sa yo mande yo ak opsyon ke pwogram lan genyen nan li.*

**Kondisyon Pwogram "Relative Caregiver"-an Mande**

- ❖ Mwen dwe ap okipe timoun ki se fanmiy mwen.
- ❖ Dwe genyen you lòd ki soti nan tribinal Leta Laflorid pa you jij ki konstate ke yo te abandone, oubyen maltrete timoun-yo. Timoun sa (yo) ke mwen ap pale-a se lakay mwen you jij nan Tribinal pou zafè timoun nan leta Laflorid te mete li pou mwen okipe li.
- ❖ Mwen aprann ke Biwo Depatman Sekirite Fanmiy lan pral fè you ankèt lakay mwen-an pou yo ka wè si mwen menm pa fè timoun nan abi oubyen si mwen pa neglije li. Si ta genyen kèk pwoblèm lakay mwen-an, you jij tribinal kapab bay Depatman-an lòd pou yo sipèvize timoun nan oubyen pou yo retire li lakay mwen-an.
- ❖ Mwen dwe fè you Demann Èd nan biwo "Department of Children and Families Economic Self-Sufficiency"-an, mwen dwe al nan you reyinyon avèk yo, epi bay tout dokiman ke Depatman-an ta mande mwen pou li deside si mwen ranpli a kondisyon pou m ka jwenn Lajan Kontan pou you ti Bout tan, kidonk "Temporary Cash Assistance". Si li difisil pou mwen jwenn dokiman yo mande-yo, yo di mwen ka mande moun kap travay sou ka-a pou li ede mwen.
- ❖ Si mwen resevwa "Temporary Cash Assistance"-lan, mwen pap kapab resevwa tou benefis nan lòt pwogram yo rele Pran Swen Fanmiy-ou, kidonk "Relative Caregiver"-an, nan menm mwa-a. Si mwen ranpli kondisyon teknik ak finansyè-yo, mwen kapab mande pou yo ban m "Temporary Cash Assistance"-lan pandan yap etidye demann pou lòt pwogram "Relative Caregiver"-an. Si yo wè mwen merite èd "Temporary Cash Assistance"-lan, mwen pap kapab resevwa lòt gwo benefis nan pwogram "Relative Caregiver"-an avan premye mwa Depatman-an stope banmwen lajan "Temporary Cash Assistance"-lan.
- ❖ Mwen aprann ke lajan "Relative Caregiver"-an bay la se pou li kouvri depans pwodwi premyè nesosite timoun nan tankou manje, rad li, kay li, founiti lekòl li, ak lòt ti zafè pèsònèl li tankou atik twalèt, jwèt, eks.

**Chwa nan Program "Relative Caregiver"-an. Mwen ta renmen fè you demann pou pwogram sa-yo:**

- "Temporary Cash Assistance"-lan pandan yap etidye demann "Relative Caregiver" mwen-an. Mwen konnen ke si yo aksepte ban mwen lajan nan pwogram "Relative Caregiver"-an, mwen pap kapab resevwa lòt gwo benefis nan pwogram "Relative Caregiver"-an avan premye mwa Depatman-an stope banmwen lajan "Temporary Cash Assistance"-lan, oubyen;
- Lajan nan pwogram "Relative Caregiver"-an pou timoun yo aksepte yo, oubyen;
- Lajan "Temporary Cash Assistance"-lan pou timoun sèlman, oubyen;
- Lajan "Temporary Cash Assistance"-lan ki kouvri pwòp depans pa mwen tou, oubyen;
- Lajan "Relative Caregiver" pou timoun yo aksepte yo epi lajan "Temporary Cash Assistance"-lan pou lòt moun ki nan kay-la.

**SE POU MANDE YOU "ESPESYALIS KALIFIKASYON" POU LI EDE W SI OU TA VLE PLIS  
ENFOMASYON SOU CHWA OU YO**

- Yo te ban mwen you kopi de ti liv pwogram "Relative Caregiver"-an.

Ekri non ou an lèt majiskil

Siyen la

Dat